# ҚАРАҚАЛПАҚ ШЕШЕНЛИК СӨЗЛЕРИ ҲӘМ ОНЫ ҮЙРЕНИЎ МӘСЕЛЕСИ

**Оразов Әдилбай**

Қарақалпақ халқы аўызеки әдебиятына оғада бай болып, олар көп жанрлы болып келеди. Усындай бай аўызеки әдебиятымыздың бир түри сыпатында қарақалпақ халқының шешенлик сөзлерин айтып өтсек болады. Шешенлик сөзлер фольклордың ири жанрларынан бири сыпатында басқа туўысқан халықлар фольклортаныўында арнаўлы түрде бөлип алып изертленгени менен, қарақалпақфольклортаныўында өз алдына жанр сыпатындатолық изертленбеди. Бирақ, солай болса да шешенлик сөзлер айтыс жанрының бир түри сыпатында үйренилип, олар туўралы пикирлер айтылған. Мысалы, илимпаз М.Низаматдинов: «Шешенлик айтыслар қарақалпақ халқының ертеден киятырған ҳасыл мийрасы. Халқымыз гейде «шешенлик айтыс» десе, гейде «шешенлик сөзлер» депте атайды. Бирақ, буның тийкары-шешенлик айтыс деп түсиниледи» [Қарақалпақ фольклоры., 1982. – 256], - деп жазады.

Булар шешенлик сөзлер ҳаққындағы айтылған дәслепки илимий пикирлер болып, бул мийнетлер өзинен кейинги илимий изертлеўлерге унамлы тәсирин тийгизди.

Белгили фольклортаныўшы илимпазлар Қ.Мақсетов ҳәм Қ.Мамбетназаров, илимий излениўши Ә.Хожаназаровлар өзлериниң изертлеўлеринде шешенлик сөзлерди қарақалпақ фольклорының өз алдына бөлек жанры деп есаплайды.

«Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги»нде «шешенлик сөзиниң мәниси сөзге жүйрик, сөзшең, дилўар, шешенлик сөзи болса, сөзге шеберлик, усталық, маманлықдегенди аңлатады» [Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги., 1992. - 529], - деп көрсетилген.Ал, қазақ илимпазы Г.Қосымова: «Шешенлик сөз дегенимиз – таўып айтылған тапқыр сөз, ақылға қозғаў салып, ой түсиретуғынданалық сөз, қыялға тәсир етип, сезимиңдиқозғайтуғыншырайлы ҳәм тәсирли сөз, тапжылмайтуғын дәлиллер менен тамсандырып, таңлай қақтыратуғын билгир-билимли сөз, өтип кеткен ямаса өтип атырған ўақыяны жанлы сүўреттей көз алдыңа алып келетуғын сүўретли сөз, тоқсан аўыз сөздиң тобықтай түйинин жеткеретуғын терең мағаналы түйинли сөз» [Қосымова Г., 2005. – 203-212], -деп жазады.

Демек, шешенлик сөзлер дегенимизде сөзге дилўар адамлар тәрепинен ақыллылық пенен таўып айтылған керекли (өткир) сөзди түсинемиз.

Шешенлик сөзлер бизиң заманымызға шекем аўыздан-аўызға өтип, қатықулақ, сөзге шебер, тақыўа ата-бабаларымыз тәрепинен бизге жетип келген. Шешенлер халықтың шеше алмаған тилсимли сырларын шешип,

жәбиркешлерди залымлардың қәҳәринен өзиниң өткир тили менен қутқарып отырған.

Ол тийкарынан адамлар менен адамлардың өз-ара сөз айтысыўынан, руў ҳәм қәўимлер арасындағы өз-ара талас-тартыстан, даўлы мәселелерден туўылып, раўажланып келген.

Шешенлик өнери илимде риторика деп аталады. Бул илимниң тийкарын салған грек софисти Протогор болып есапланады. Ол көплеген илимлердиң негизин қалаған. Сократ (469-399), Платон (427-347) сыяқлы илимпазлар менен заманлас, биринши софист (шешенлик өнерине ҳақы алып оқытатуғын муғаллимлер)лер арасында сөз айтысып, пикир таласын баслаған, өзи де сөз айтысына түскен шешен болған. Ол шешенлик өнерине байланыслы: «Айтыс өнери», «Илимлер туўралы», «Жарыс сөз» ҳәм тағы басқа да мийнетлерди жазған.

Риторика дегенимиз исендире билиў, яғный тыңлаўшының санасына, сезимине ҳәм еркине тәсир етиўди аңлатады. Ол психология, логика, әсиресе, философия менен тығыз байланыслы болады.

Шешенлик сөзлер кеңесиў, бийлик ҳәм салтанатлы сөзлер болып үш түрге бөлинеди. Ал, қурылысы жағынан кирисиў, баянлаў ҳәм жуўмақлаў болып, үш бөлимнен ибарат болады.

Шешенлик сөзлердиң пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы шешенлер ҳәм олардың айтқан сөзлери менен белгиленеди. Мысалы: шешенлик өнер ең дәслеп Грецияда пайда болып, бизиң эрамызға шекемги 500-300-жыллар арасында атақлы он шешен шыққан. Солардың арасында Лисий ҳәм Исолраттың, әсиресе, Демосфенниң (384-322) атлары айрықша аталады.

Атап айтқанда, Демосфенниң Македония патшалары Филипп ҳәм Александрдың басқыншылық сиясатына қарсы патриотлық жалынлы сөзлериниң даңқы шығады. Шешенниң бизиң заманымызға шекем он тоғыз сөзи сақланған. Солар арасында «Гүлге байланыслы Ктесифонт ушын» ҳәм «Қылмыслы елшилик ҳаққында» [Демосфен., 1954, - 213-402] атлы еки сөзи мазмунлығы ҳәм шешенлик шеберлиги менен айрықша орын тутады.

Грециядан кейинги классикалық шешенлик өнери Рим Республикасында раўажланған. Римде сол дәўирлерде Красс, Антоний, Гортенсия баслаған көплеген шешенлер ҳәм жәмийетлик ғайраткерлер өсип жетилиседи. Соның ишинде, олар арасында Марк Туллий Цицеронның тутқан орны айрықша болып табылады.

Әсиресе, Цицеронның бизиң дәўиримизге жетип келген сөзлериниң ишинде, Катилинаға айтылған сөзлер [Цицерон М.Т., 1962. – 292-330] шешенлик шеберликтиң ең жоқары үлгиси болып табылады.

Греклердиң шешенлик өнери менен билиминарнайы оқып үйренген Марк Туллий, көркемлеп айтқанда Афина қаласында иргеси қаланған риторика илиминиң Римде шаңырағын көтерип, отаўын тикти. Соның ишинде, шешенлик өнердиң теориясын ислеп, шешенлердиң түрлерин анықлады [Адамбаев Б., 1984]. Ол «Шешен туўралы», «Брут, ямаса атақлы шешенлер ҳаққында», «Шешен» атлы үш трактлар жазып, шешенлик өнер ҳаққындағы илимниң негизин салды.

«Бизде әскербасылар, жәмийетлик ғайраткерлер жеткиликли, көркем өнер менен билим саласында да даңқлы адамлар көп, оларға қарағанда атақлы шешенлер неге аз?, -деп Цицерон сораў қояды да, оған өзи төмендегише жуўап береди.

«-Оның мәниси мынада-шешенлик әллекимлер ойлағандай аңсат емес, оны ийелеў қыйын ҳәм оғада көп билимди, инта-жигерди талап етеди» [Цицерон М.Т., 1973. – 43], -деп жазады.

Демек, Цицерон жақсы шешен болыў ушын тәбийғый талант, қәбилет пенен бирге ҳәр тәреплеме билимли ҳәм талапшаң болыў керек дейди. Ол шешенниң ўазыйпасын былай белгилейди: «Кимде-ким өзиниң сөзи менен тыңлаўшыларға билим берсе, жәнe кеўлин көтерсе ҳәм оларға күшли тәсир етсе-ең жақсы шешен сол. Билим бериў шешенниң миннети, кеўлин көтериў-тыңлаўшыларға көрсеткен ҳүрмет, күшли тәсир етиў зәрүрлик» [Цицерон М.Т. 1973. – 43], -деп атап өтеди.

Шешенлик өнер, әдетте, ақыл-ойға еркинлик берилген, халықлық-демократиялық жәмийетте өсип раўажланады. Әййемги Греция менен Рим Республикасында шешенликттиң қәлиплесип, халықлық дәстүрге айналыўына, мине усы халықлық-демократиялық дәстүрлер себеп болған.

Шешенлик өнери тек ғана батыста емес, ал, Азияда, соның ишинде Түркий халықлар арасында да кеңнен раўажланған. Бул ҳаққында орта әсирлерде жасаған араб алымы С.Тафтазани өзиниң шешенлик сөз өнериниң тилсимлиги ҳаққында жазған «Китаб ал-Хитта-әл Марсума» деген мийнетинде түрклердиң шешенлигин жоқары баҳалай келип, «Мениң риторикадағы устазым Жәнибек хан» [Амин ал-Холи., 1962], - деп көрсеткен.

Амин ал-Холи Алтын Орда мәмлекетиниң пайтахты Сарай қаласы XIII-XIV-әсирлерде илим менен мәденияттың орайы болғанлығын жазады. Ол Алтын Орданы бийлеўши ханлар ишинен әсиресе, Берке, Өзбек ҳәм Жәнибек ханларды жоқары билимге ийе, түрк халықларының тарийхы менен мәдениятын көп оқыған, сөзге шешен, дилўар адамлар сыпатында көрсетеди. Олар Алтын Ордаға ҳүкимдарлық еткен жыллары Египет пенен Хорезмниң ең талантлы алымлары, шайырлары ҳәм көркем өнер шеберлери Сарай қаласында бирге жасаған. Усы ўақытта Алтын Орданың пайтахты Сарай қаласында аты

белгили Кутуб ад-Дин ар-Рази, Садад-Дин ат Тафтазани, Жалел ад-Дин, Хафиз ад-Дин ал Баззавви, Ахмад ал-Хаджандари сыяқлы шешен, тилши, әдебиятшы, тарийхшы, философ алымлар көплеп жыйналған [Келимбетов.Н., 1986. -165]. Мине, бул келтирилген фактлер түркий тиллес халықлар қурамына киретуғын қарақалпақ халқына да тийисли.

Шешенлик сөзлер ертеклерден баслап, дәстанларда, қосық ҳәм нақыл-мақалларда, терме ҳәм толғаўларда, қанатлы күлдирги сөзлерде белгили орын ийелеп, бул жанрлар менен тығыз байланыста болып келеди.

Соның ишинде нақыл-мақаллар шешенлик сөзлердиң қаймағы десек асыра айтқан болмаймыз. Себеби, бизиң халқымызда «нақылды бир айтпаса ақылсыз айтпайды, ақыллы адам өз сөзин нақылсыз» айтпайды деген даналық сөз бар. Сонлықтан қарақалпақ халқының ел басқарған бийлери, шешенлер көпшилик жағдайларда өзлериниң айтажақ сөзин нақыл-мақаллар менен баслап, усы «қаймақ»лар менен жуўмақлайды. Соның ишинде нақыл-мақаллар шешенниң айтажақ пикирин толықтырып, байытады ҳәм тағы екеўи де халықтың әдебий-эстетикалық талғамын өтейди, өсиреди ҳәм үлги аларлық тәрбия береди.

Сондай-ақ, қарақалпақ шешенлик сөзлерине жақын жанрлардың бири-тарийхый аңыз-рәўиятлар болып табылады. Қарақалпақ тарийхый аңызларының көпшилиги ханлар, бийлер ҳәм батырлар дөгерегинде жәмленген. Мәселен, халқымыз арасында Әмир Едиге, Орманбет бий, Асан қайғы, Жийренше шешен, Маманбий, Есенгелди бий, Турымбий, Айдос бий, Ерназар алакөз, Ережеп тентек, Ерназар кенегес, Матеке Жуманазаров сыяқлы адамлардың атына байланыслы шешенлик сөзлердиң үлгилери сақланған.

Себеби, өткен дәўирлерде бир қәўим елдиң ямаса бир топар руўлардың арасында болатуғын даў-жәнжеллерге төрелик ететуғын жасы үлкенлери менен атақлы бийлери болған. Олар сол елдиң келешек тәғдирин ойлаған. Мине, усындай бийлердиң аўзынан шыққан шешенлик сөзлер сол елдиң мәпине қаратылған. Усындай аты да, сөзи де халыққа үлги болған адамлардың сөзин халық қәстерлеп узақ дәўирлер ядында сақлаған ҳәм олардың турмыс тәжирийбесинен пайдаланып отырған.

Жоқарыда айтып өткенимиздей шешенлик сөзлерди айырым изертлеўшилер айтыс жанрына қосып үйренеди. Бирақ шешенлик сөзлердиң өзиншелик өзгешеликлери бойынша илимий излениўши Ә.Хожаназаров төмендеги пикирлери дыққатқа ылайық: «Биринshiden, айтыс жанрындағыдай шешенлик сөзлерде де айтысыўшы-даўласыўшылар еки тәрепке бөлинип айтысады. Екиншиден, басым көпшилик жағдайларда екеўи импровизаторлық талант арқалы дөрелип, аўызеки усылда таралады. Үшиншиден, айтысларға тән болған көп вариантлылық шешенлик сөзлерге де тийисли. Бул, әлбетте, заңлы қубылыс. Себеби, халық арасында айтылып жүрген бул шешенлик сөзлердиң

айырым жерлери умытылып яки қалдырылып, гейпара жерлерине қосылып айтылыўы халқымыз турмысында ушырасатуғын тәбийғый бир жағдай десек болады. Бирақ, оларда тийкарғы мазмун сақланып қалынады.

Бирақ, солайда болса, шешенлик сөзлер менен айтыс жанры арасында төмендегише өзгешеликлер бар. Бириншиден, егер айтысларда тийкарғы мақсет бир-биреўди сөзден жеңиў, пикир таласы болса, шешенлик сөзлердиң мақсети даўлы мәселелерди шешиў болып табылады.

Екиншиден, егер айтысларға сөзге дилўар, шайырлығы бар жуўабый адамлар қатнасса, шешенлик сөзлерге шайырлар менен бирге ел басқарыўшы адамлар, батырлар ҳәм бийлер қатнасады. Үшиншиден, айтысларда айтысыўшы адамлар бирин-бири сөзден утып жеңсе, шешенлик сөзлерде даўласыўшы тәреплерде еки тәрептиң бир-биреўин жеңбейтуғын ўақытлары болған. Сондай пайытлары олардың даўына төрелик етиўши төбе бий сайланып қойылатуғын болған (көбинесе бул ўазыйпаны қазылар яки ханлар атқарған).

Төртиншиден, шешенлик сөзлерде бир тәреп сөзин дәлил сөз арқалы шеберлик пенен айта алса, екинши тәреп, шешенниң сөзин мойынлап, айтыспай-ақ даўды сол тәрептиң пайдасына шешкен. Сондай-ақ, шешенлик сөзлерде даўлы мәселениң төркини түсиндирилгеннен соң ғана шешенлик сөзлер айтылған.

Соның менен бирге, шешенлик сөзлер анекдотларға да уқсас болып кетеди. Бирақ, анекдотлар көлеми киши болып, көбинесе юморға қурылып, күлки пайда етиўши сөзлерден ибарат болады. Ал, шешенлик сөзлерде болса, жеңил ҳәзил-дәлкекти емес, жәмлескен ақыл-ойдың жемиси ҳәм даналық пикирлердикөремиз. [ХожаназаровА., 1998. - 115-116], - деп кең түрде түсиник береди.

Демек, шешенлик сөзлер фольклордың басқа жанрларына салыстырғанда өзиншелик өзгешеликлерге ийе айрықша бир жанр болып табылады. Оны арнаўлы үйрениў ҳәм изертлеў қарақалпақ фольклортаныўының алдында турған әҳмийетли мәселе болып табылады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Низаматдинов М. Шешенлик айтыс ҳаққында // Қарақалпақ фольклоры. XI том, Нөкис: Қарақалпақстан, 1982.

2. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.

3. Қосымова Г. Қазақ шешендик өнериниң негиздери және тилдик танымы. – Алматы: Ғылым, 2005.

4. Демосфен. Речи. – Москва, 1954.

5. Цицерон М.Т. Речи. 1-том. – Москва, 1962.

6. Адамбаев Б. Қазақ шешендик өнери. – Алматы: Ғылым, 1984.

7. Цицерон М.Т. Об ораторском искусстве. – Москва, 1973.

8. Амин ал-Холи. Связи между Нилом и Волгой в XIII-XIV вв. – Москва, 1962.

9. КелимбетовН. Қазақ әдебиятының әййемги дәўири. – Алматы, 1986.

10. Хожаназаров Ә. Шешенлик сөзлер-фольклордың бир жанры // ӨзРИАҚБ «Хабаршысы» журналы, 1998. – №4.